

TEMBUNG -TEMBUNG AWISAN

LAN TEMBUNG SALAH KAPRAH

Dening:
Sakiyo,ss

TEMBUNG “AWISAN”

- ◉ Tembung, utawi tetembungan ingkang dipun “awisi “ (*dilarang*) menika mligi panglimbangipun kanthi dhedhasar raos-pangraos malah kepara ugi dhedhasar pemanggih pribadi(subyektifitas).
- ◉ Bilih dipunpirsani saking ngelmuning basa, (proses morfologi lan Semantik) asring pinanggihipun “leres”.
- ◉ Tetembungan menika umumipun mligi ing tlatah Ngayogyakarta.

TEMBUNG AWISAN:

TEDHAK SUNGGING

- ◉ Tedhak: mudhun.
- ◉ Nedhak: nurun
- ◉ Sungging: gegambaran rerenggan sing dicet ngremit (wayang).
- ◉ disungging: dicet/dipulas
- ◉ Ing teks karya sastra “Serat” ing pambukaning panyeratan, wonten ingkan nyerat: *amung nedhak sungging kewala. (namung nurun kemawon)*
- ◉ Tedhak sungging punika ing tlatah Ngayogya dipun awisi amargi kathah pamanggih para winasis yen ngemu suraos: *carem, saresmi.*
- ◉ Mila boten dipun keparengaken tembung tedhak sungging kagem ngaturi ingkang mengku pikajengan: *foto sesarengan.*

MAKEMPAL MANUNGGAL

- ◉ Tembung makempal boten pinanggih ing Baoesastra WJS Poerwadarminta 1939.
- ◉ Wontenipun tembung: *kumpul (n)*. *Kempal (k)*
tegesipun: tunggal dadi siji. *Ngumpul: nglumpuk*
- ◉ Wonten pemanggih yen tembung *makempal* menika ugi nggadhahi teges *carem* utawi *saresmi*.
- ◉ Prayoginipun ngagem tempung : *kempal manunggal*; *anyawiji ing gati*, (*ngempal manunggal*)

TEMBUNG SALAH KAPRAH:

- ◉ astra lumiyat/ astra lungiyan
- ◉ tembung *astra*; *warastra*, tegesipun panah/jemparing. *Lumiyat* lingganipun *liyat*. Tegesipun ndeleng.
- ◉ *Astra lungiyan* = bebojoan.

- ◉ Sugeng/wilujeng
- ◉ Ing Baoesastra Djawa(1939), *sugeng* (ki):slamet (hal.570). *Wilujeng* (k):slamet(hal.664)

BAPAK; RAMA; BAPA

- ◉ Ing Ngayogyakarta
- ◉ *Bapak*, derajatipun paling inggil.
- ◉ *Rama*, menika tataranipun langkung andhap, padatan kagem sesebatan ing kalanganipun para abdidalem, utawi tiyang ingkang kaanggep winasis ing bab ngelmi.
- ◉ *Bapa*, kagem panyebatipun para putra ratu dhateng abdi ingkang rumeksa taman (juru taman).

SAPISAN / SEPINDHAH

- ◉ Ing tata urutaning acara panyebatipun ingkang kaaggep baku, *sepisan*.
- ◉ *Sepisan; kaping kaling; kaping tiga, lsp.*
- ◉ Kacocokna kaliyan: *satunggal, kalih, tiga, lsp.*

KULA / KAWULA

- ◉ ***Kula*** menika krama saking tembung ngoko ***aku***.
- ◉ ***Kawula*** menika tegesipun ***rakyat***.
- ◉ Menawi ingkang dipunkajengaken tembung kawula kangge nggantos tembung kula, menika boten trep.

RAWUHIPUN / KERAWUHANIPUN

- ◉ Tembung *kerawuhan/ karawuhanipun* punika ing Ngayogyakarta asring kangge mastani: *tiyang kesurupan*.
- ◉ Mila saget ngginakaken tetembungan: *rawuhipun Bapak.../ awit rawuhipun...*

KARANA / KARANTEN

- ◉ Tembung *karana /krana* (kn) menika nggadhahi teges: *sebab;jalaran*.
- ◉ *Karanten*, menika tembung enggen-enggenan(dialek) ingkang maknanipun saemper kaliaan karana.